

Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE PASYAN YO KONT FRÈ EKSESIF CHANM IJANS LOPITAL YO

Li Obligatwa pou Konpayi Asirans yo Asire ke Moun ki Enskri yo Pa Ekspoze yo a Pi Gwo Depans Ki Soti nan Pòch yo lè yo ale kay Founisè Swen Sante ki Non-Patisipan yo.

Gouvènè Cuomo: "Avèk nouvo lwa sa a, konpayi asirans yo ap bezwen aji kòrètemane ak asire pasyan yo pa konfwonte depans eksef ak potansyèlman afeblisan demen tou senpleman paske yo bezwen swen nan sal dijans jodi a".

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.3171/A.264B) pou pwoteje pasyan yo kont chaj eksef pou ijans lopital an deyò rezo a, enkli sèvis pasyan ki entèn nan lopital ki ap swiv yon vizit nan sal ijans. Nouvo lwa a egzije pou konpayi asirans sante asire ke lè moun ki enskri yo resevwa swen nan men yon founisè non-patisipan, pasyan an pa pral afwonte pi gwo depans ki soti-nan-pòch ke sa li t'ap peye yon founisè patisipan.

"Nan yon ijans, chak segonn konte epi li ridikil pou espere yon moun k'ap fè fas a yon sitiasyon potansyèl nan lavi oswa lanmò pou l tcheke dabò pou l konn si yon lopital fè pati rezo asirans sante yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk nouvo lwa sa a, konpayi asirans yo ap bezwen aji kòrètemane ak asire pasyan yo pa konfwonte depans potansyèl ki soti nan pòch yo ak ki pral afebli yo demen tou senpleman paske yo te bezwen swen nan sal dijans jodi a."

Pwojè lwa a egzije tou ke chaj lopital pou sèvis ijans yo sijè a yon pwosesis rezolisyon dispit endepandan ki te etabli pa New York's Surprise Medical Bill law, ke yo te adopte orijinalman an 2014, pa te gen tankou l nan nasyon an pou pwoteje kliyan an konplètman kont bòdwo sipriz pou depans an deyò rezo a.

Lwa a antre an vigè imedyatman.

Senatè Liz Krueger te deklare, "Lè Nouyòkè yo ale nan lopital an ijans, yo pa ka mande yo pou asire ke tout pwosedi yo administre pa yon founisè ki nan rezo a. Nouvo lwa sa a pral pwoteje fanmi New York yo kont bòdwo medikal egzòbitan yo epi kontribiye pou redwi depans medikal global. Mwen remèsye Cahill, ki se Manm Asanble a paske li pote pwojè lwa sa a nan Asanble a, ek Gouvènè Cuomo paske li siyen li jodi a".

Kevin Cahill, ki se Manm Asanble a te deklare, "Soulaje konsomatè nan agravasyon ki gen rapò ak diskisyon faktirasyon ant founisè swen sante ak konpayi asirans pa manke anpil pou li acheve. Avèk siyati Gouvènè Cuomo sou lejislasyon nou an jodi a,

New York reyaze lidèchip nasyonal li nan pwoteje pasyan yo kont bòdwo sipriz ak founi yon mwayen responsab pou diminye depans swen sante yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)